

Koudè sou Plan Vaksinyon COVID-19 NJ a

Depatman Sante New Jersey (New Jersey Department of Health, NJDOH) te soumèt yon plan vaksinyon bay Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) nan dat 16 Oktòb 2020. Y ap mete plan sa ajou nan mwa k ap vini yo anvan vaksen an apwouve epi anvan li rive New Jersey. Paj sa ap ba w yon ti apèsi de kisa plan an genyen. Si w ta renmen li tout detay ki sou plan an, vizite www.state.nj.us/health/cd/topics/covid2019_vaccination.shtml

Objetif vaksinyon eta a kont COVID-19 se:

- Bay yon aksè ekitab a tout moun ki ap viv, ki ap travay, ak/oswa ki ap resevwa edikasyon nan New Jersey
- Asire yon pwoteksyon kominotè, asire efikasite vaksen an, disponibilite l, ak asirans ke moun yo pran l
- Bati yon konfyans dirab otou vaksen COVID-19 la ansanm ak lòt vaksen tou

Aksè Ekitab - Objektif pwen sa se pou li elimine diskriminasyon, sa vle di y ap angaje divès patnè nan travay plànifikasyon ak livrezon vaksen an. Sa ap ka fèt si yo distribiye vaksen an an sekirite, nan tout kalte zòn; si yo bay enfòmasyon yo nan plizyè lang; ogmante enfòmasyon ki al jwenn kominote yo; konsidere opsyon pri a tou pou sila yo ki ki gen ti asirans oswa ki pa asire ak sila yo ki nan gwoup ki vilnerab yo tou; epi retire baryè.

Apwòch pa Faz - Li posib pou plan an genyen 3 faz ki gen rapò ak disponibilite vaksen yo ansanm ak demann lan. 1.) kantite vaksen ki limite, 2.) kantite vaksen ki an mezi pou reponn ak demann lan, epi 3.) diminyon demann lan.

Konfyans Piblik lan - NJDOH ap fè sansibilizasyon, l ap edike, epi òganize aksyon pami patnè sante piblik ak swen sante l yo ansanm ak piblik la pou li adrese preyoqipasyon moun yo atravè enfòmasyon medikal, enfòmasyon sou sante piblik, ki baze sou lasyans epi ki soti nan sous yo fè konfyans.

Lidèchip Eta a - Distribisyon vaksen an ap fèt nan yon apwòch "gouvènmantal global" ki gen tout depatman tout eta yo ladan l, yon fason pou yo asire yo ke vaksen an livre nan yon manyè ki ekitab epi pou pa gen onkenn gwoup moun ki ret dèyè.

Gid Ekspè yo - Lidè eta a itilize ekspè nan domèn nan ak lidè opinyon yo pou yo gide New Jersey atravè pwosesis sa epi y ap kontinye fè sa pandan deplwaman vaksen an.

Popilasyon Vilnerab yo - Pandan faz 1 an li ap enpòtan pou yo asire yo ke moun ki gen plis risk pou yo gen enfeksyon COVID-19 la, sila yo ki gen plis risk pou enfeksyon an lakoz gwo maladi oswa lanmò lakay yo, oswa sila yo ki reprezante popilasyon ki pa konn jwenn sèvis yo – sa gen ladan tou kominote ki gen koulè yo – ki resevwa anpil enpak nan pandemi sa, yo ap premye moun ke yo ap ofri vaksen an.

Yon Premye dòz nan yon tan presi ak yon rapèl pou dezyèm dòz la - Y ap itilize plizyè metòd yon fason pou yo asire yo ke popilasyon an resevwa kantite dòz vaksen ki kòrèk la epi pou yo anrejistre dòz yo.

Yon livrezon lokal ki efikas epi ki bay rezilta - Gen plan ki anplas pou yo mete pwen kote y ap bay vaksen (POD, Points of Dispensing) atravè tout eta a yon fason pou yo asire yon livrezon ki tou pre kominote yo. NJDOH ap travay ansanm ak ajans li gen patenarya avè l yo yon fason pou li asire l ke vaksen yo byen trete epi ke yo byen konsève.

Yon Jesyon Estòk ki Kowòdone - Sistèm Enfòmasyon Vaksinyon NJDOH a (NJDOH's NJ Immunization Information System) ap sèvi kòm yon sant anrejistreman, ki ap bay lòd epi li ap sèvi tou antanke sistèm ki ap fè rapò sou vaksen COVID-19 la yon fason pou yo asire yo ke reous yo distribiye jan sa sipoze fèt.

Kontwòl Pwogram lan Atravè Tout Eta a -Y ap pran mezi pou kontwòle pwogram vaksinasyon an atravè tout pwosesis yo, yon fason pou yo asire yo ke pwogram lan ap pwogrese jan plan an fèt la epi pou yo pote koreksyon lè sa nesèsè.

11/2/2020